

<b>natural gas</b>	<b>gaz natirèl</b>	konbistib fosil ki fòme nan òganis maren yo; yo jwenn gaz sa a nan kouch wòch ki panche oswa plwaye epitou li itilize pou chofaj ak nan kuizin.
<b>natural resources</b>	<b>resous natirèl</b>	pati anviwònman latè ki pwokire sibstans ki itil oswa nesèsè pou sivi òganis vivan yo.
<b>natural selection</b>	<b>seleksyon natirèl</b>	pwosesis kote òganis ki konvab pou yon anviwònman espesyal pi anmezi pou siviv ak repwodi pase òganis ki pa konvab yo.
<b>nebula</b>	<b>nebilez</b>	gwo nyaj gaz ak pousyè ki kontrakte anba fòs gravitasyonèl epi ki separe an pi piti mòso; chak mòso ka fonn pou fòme yon etwal.
<b>nekton</b>	<b>nekton</b>	òganis maren k ap naje aktivan nan oseyan an.
<b>nephron</b>	<b>nefwon</b>	ti inite filtraaj ren an.
<b>nerve cord</b>	<b>kòdon nève</b>	estrikti tankou tib anwo notokòd la ki, nan pifò kòde, devlope andedan sèvo a ak mwal epinyè a.
<b>net force</b>	<b>fòs nè</b>	sòm fòs ki aji sou yon objè.
<b>neuron</b>	<b>newòn</b>	inite fonksyon debaz sistèm nève a, li fòme avèk yon kò selilè, dandrit ak aksòn.
<b>neutralization</b>	<b>netralizasyon</b>	reyaksyon chimik ki fèt lè yon $H_3O^+$ yon asid reyaji avèk yon $OH^-$ yon baz pou pwodi molekil dlo.
<b>neutron star</b>	<b>etwal netwon</b>	nwayo efondre yon sipènova ki ka kontrakte jiska 20 kilomèt apeprè nan dyamèt epi ki genyen sèlman netwon nan nwayo dans lan.
<b>neutron</b>	<b>netwon</b>	patikil san yon chaj elektrik.
<b>new moon</b>	<b>nouvèl lin</b>	faz lalin ki parèt lè lalin nan ant tè a ak solèy la; nan pwèn sa a, lalin nan pa vizib paske mwatye li ki klere bay fas sou solèy la

		epi pati sonm lan bay fas sou tè a.
<b>Newton's second law of motion</b>	<b>dezyèm lwa mouvman Nyouton</b>	endike akselerasyon yon objè nan menm direksyon ak fòs nè ki sou objè a, epi akselerasyon an egal a fòs nè a divize pa mas la.
<b>Newton's third law of motion</b>	<b>twazyèm lwa mouvman Nyouton</b>	endike lè yon objè egzèse yon fòs sou dezyèm objè, dezyèm objè a egzèse yon fòs sou yon twazyèm objè ki egal nan fòs ak nan direksyon opoze a.
<b>niche</b>	<b>nich ekolojik</b>	nan yon ekosistèm, se inik fason yon òganis siviv, jwenn manje ak refij epi evite danje.
<b>nitrogen cycle</b>	<b>sik azòt</b>	modèl ki dekri fason azòt deplase ant atmosfè a ak tè a, ant atmosfè a ak òganis vivan yo, pou li retounen answit nan atmosfè a.
<b>nitrogen fixation</b>	<b>fiksasyon azòt</b>	pwosesis kote kèk kalite bakteri nan tè a chanje gaz azòt sou yon fòm azòt ki itil pou plant yo.
<b>nitrogen-fixing bacteria</b>	<b>bakteri fiksate azòt</b>	bakteri ki konvèti azòt nan lè a an fòm ki ka itil pou plant ak zannimo yo.
<b>nonelectrolyte</b>	<b>nonelektwolit</b>	sibstans ki pa iyonize nan dlo epi ki pa kondiktè elektrisite.
<b>nonfoliated</b>	<b>nonfolyase</b>	dekri wòch metamòfik, tankou kwatzit; grenn mineral wòch sa yo devlope epi reranje, men anjeneral, yo pa fòme kouch.
<b>noninfectious disease</b>	<b>maladi ki pa enfektye</b>	maladi, tankou kansè, dyabèt oswa las ki pa gaye ant yon moun ak yon lòt moun.
<b>nonmetal</b>	<b>metaloyid</b>	anjeneral eleman ki se yon gaz oswa solid frajil nan tanperati chanm, ki pa maleyab oswa diktil, ki se yon move kondiktè chalè ak elektrisite epi ki pa briyan.

<b>nonpoint source pollution</b>	<b>polisyon sous non-ponktyèl</b>	polisyon ki antre nan dlo nan yon gran espas epi ki pa ka lokalize nan yon senp pozisyon.
<b>nonpolar molecule</b>	<b>molekil nonpolè</b>	molekil ki pataje elektwon menm jan epi ki pa gen bout ki gen chaj opoze.
<b>nonpolar</b>	<b>nonpolè</b>	ki pa gen zòn pozitif ak negatif apa; sibstans nonpolè pa atire molekil dlo epi yo pa disoud fasilman nan dlo.
<b>nonrenewable resources</b>	<b>resous non renouvlab</b>	resous natirèl, tankou konbistib fosil, ki pa ka ranplase nan pwosesis natirèl sito li fin itilize.
<b>nonvascular plant</b>	<b>plant nonvaskilè</b>	plant ki absòbe dlo ak lòt sibstans dirèkteman atravè pawa selilè li yo olye yo fè sa atravè estrikti ki tankou tib yo.
<b>normal fault</b>	<b>fay nòmal</b>	fèli nan wòch ki fèt akòz fòs tansyon, kote wòch ki anwo sifas fay la desann relativman sou wòch ki anba sifas fay la.
<b>no-till farming</b>	<b>agrikilti konsèvasyon</b>	metòd pou diminye ewozyon tè; yo kite tij plant yo sou teren an apre rekòlt la epi rekòlt pwochen ane plante nan tij yo san yo pa laboure yo.
<b>notochord</b>	<b>notokòd</b>	estrikti fèm men fleksib ki pwolonje sou pati siperyè kò yon kòde.
<b>nuclear energy</b>	<b>enèji nikleyè</b>	enèji ki pwodui nan separasyon bilyon nwayo iranyòm akòz yon reyasyon nikleyè oswa yon reyasyon fisyon.
<b>nuclear fission</b>	<b>fisyon nikleyè</b>	pwosesis separasyon yon nwayo atomik an de (2) oswa plis
<b>nuclear fusion</b>	<b>fizyon nikleyè</b>	reyaksyon kote de (2) oswa plis nwayo atomik fòme yon yon nwayo ki gen yon pi gwo mas.

<b>nuclear reactor</b>	<b>reyaktè nikleyè</b>	itilizasyon enèji nan yon reyaksyon nikleyè an chenn pou pwodui elektrisite.
<b>nuclear waste</b>	<b>dechè nikleyè</b>	derive rayo-aktif ki pwodui lè yo itilize sibstans radyo-aktif.
<b>nucleic acids</b>	<b>asid nikleyik</b>	polimè òganik esansyèl ki kontwole aktivite ak repwodiksyon selil yo.
<b>nucleotides</b>	<b>nikleyotid</b>	molekil òganik konplèks ki fòme ARN (asid ribonikleyik) ak ADN (asid deyoksiribonikleyik); li gen ladan yon baz òganik, yon inite asid fosforik al yon sik.
<b>nucleus</b>	<b>nwayo</b>	òganèl ki kontwole tout aktivite yon selil epi ki genyen sibstans ereditè ki fòme avèk pwoteyin ADN; li se sant chaj pozitif yon atòm ki gen pwoton ak netwon epi ki antoure avèk yon nyaj elektwon.
<b>nutrients</b>	<b>sibstans nitritif</b>	sibstans ki nan manje-pwoteyin, idrat kabòn, matyè gra, vitamin, mineral ak dlo-ki pwokire enèji ak sibstans pou devlopman, kwasans ak reparasyon selil.